

**PANGAJARAN NULIS TEKS PERSUASI NGAGUNAKEUN MEDIA SILENT
VIDEO PIKEUN SISWA KELAS VIII SMP NEGERI 2 LEMBANG TAUN
PANGAJARAN 2017/2018**

Ku

Neng Santy Apriliani

NIM 145030138

ABSTRAK

Kasangtukang panalungtikan ieu nyaeta ayana masalah kamampuh siswa dina nulis teks persuasi. Tarekah nu dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis teks persuasi nyaeta kujalan maké média silent video. Media silent video mangrupikeun video nu teu make sora. Media ieu kasebut mampuh ngarangsang siswa leuwih merhatikeun kana naon nu bakal aya dina video. Média silent video teh bisa ngaronjatkeun minat siswa dina pangajaran nulis teks persuasi sarta ngabantu siswa sangkan responsif dina nulis teks persuasi. Objek panalungtikan ieu nyaeta di SMP Negeri 2 Lembang. Anapon hasil tina pananglutikan ieu, nyaeta ; 1) Panalungtik mampuh ngarancang, ngajalankeun, jeung nganilai hasil pangajaran nyajikeun teks persuasi ngagunakeun media silent video. Dibuktikeun ku hasil nu dihontal kana RPP nyaeta 3,6 sarta dina pangajaran nyaeta 3,68. 2) Siswa miboga kamampuh pikeun nyajikeun teks persuasi. Dibuktikeun ku peunteun rata-rata pretes nyaeta 58,89 jeung postes nyaeta 81,73. 3) Media silent video efektif dipake kana pangajaran nyajikeun teks persuasi. Dibuktikeun ku hasil disangking tina kelas eksperimen nyaeta 58,89 jeung postes nyaeta 81,73. 4) Hasil diajar siswa di kelas eksperimen leuwih punjul tibatan kelas kontrol. Dibuktikeun ku hasil nu dihontal dina pretes 58,89 jeung postes 81,73, miboga babandingan nilai 22,53. Sedengkeun hasil tina kelas kontrol nyaeta 47,86 jeung postes nyaeta 56,23, miboga hasil babandingan nilai nyaeta 6,28. Dumasar buktos data kenging panalungtikan, mangka panalungtikan anu atod dipigawe ku panalungtik tiasa dinyatakeun junun.

Kecap konci : pangajaran, persuasi, nyajikeun, media silent video.

